



Pou Piblikasyon Imedya: 13/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE BAUSCH + LOMB HEALTH PRAL ELAJI
ETABLISMAN MANIFAKTI LANTIY KONTAK YO NAN ROCHESTER**

***Konpayi an Pral Ogmante Kapasite Manifakti nan Etablisman North Goodman
Street lan; Ekspansyon an Pral Ede Konpayi Istorik lan Kreye
100 Nouvo Pòs Travay***

***Investisman an ap Konplemante Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se
Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Bausch + Lomb, yon konpayi sante vizyèl global ak yon konpayi ki posede antyèman pa Bausch Health Companies Inc., pral devlope biznis manifakti lantiy kontak li yo nan Vil Rochester, Konte Monroe - yon aksyon ki pral pèmèt konpayi an kreye 100 nouvo pòs travay nan rejyon an. konpayi paran an Bausch Health anplwaye aktyèlman plis pase 1,000 moun nan lokal North Goodman lan ki nan Rochester. Pwojè a pral gen ladan yon ekspansyon etablisman aktyèl lan ak ajou liy pwodiksyon yo ki pral sipòte manifakti lantiy kontak pou moun mete chak jou ki gen idwojèl silikòn epi ke yo ka jete ke konpayi an pwodwi yo, sa ki ap ede atire kwasans fiti alontèm pou konpayi an. Ekspansyon pwojè a prevwa pou lanse pi devan nan ane sa a epi yo prevwa konplete li an 2022. Konpayi an ap elaji operasyon li yo tou nan Waterford, Ireland.

“Ekspansyon sa a pral asire ke Bausch + Lomb rete yon faktè ekonomik majè pou Konte Monroe ak kominote ki alantou yo, epi kontinye bay bon jan kalite travay pou moun New York ki ap travay di yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan sipòte pwòp investisman konpayi an yo nan rejyon an, nou ap yon lòt fwa ankò demontre angajman Empire State pran nan ankouraje kwasans epi fè Finger Lakes pwogrese.”

Pou ka asiste nan pwojè ekspansyon an, Empire State Development ap bay Bausch Health jiska 3 milyon dola apati Pwogram Travay Excelsior lan (Excelsior Jobs Program). Konte Monroe, Rochester Gas & Electric (RG&E), New York State Electric and Gas (NYSEG) ansanm ak Greater Rochester Enterprise te ofri rekonpans epi ede fè pwofè sa a vanse.

“Kwasans Bausch + Lomb pral kontinye fè vanse sektè manifakti an nan rejyon Rochester ak Finger Lakes, epi kreye nouvo pòs travay”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi te di.** “Pwojè sa a pral elaji etablisman konpayi an epi

devlope biznis lantiy kontak li an, ki pral ede asire kwasans alontèm ak reyisit pèmanan. Konpayi gwo teknoloji tankou Bausch + Lomb ap bay bon jan travay pou abitan ki nan zòn Rochester yo epi kontinye fè Finger Lakes vanse”.

Joseph C. Papa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Bausch Health te deklare, “Bausch + Lomb se youn nan mak sante vizyèl ki pi respekte nan mond lan gras a an gran pati bon jan kalite lantiy kontak ke yo fabrike nan lokal Rochester ak Waterford yo. Nan elaji kapasite pwodiksyon nan toulède lokal yo, nou pral kontinye ajoute sou eritaj yo pandan ke nou ap investi nan fiti. Kapasite manifakti ki ogmante yo pral pèmèt nou reponn a demann kliyantèl global antisipe nou an pou lantiy kontak idwojèl silikòn Bausch + Lomb ke yo ka jete chak jou yo, yon pwodwi ki enpòtan anpil pou alafwa transfòmasyon nou ki ap kontinye ak pou misyon nou genyen pou amelyore lavi moun globalman”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Ekspansyon ki planifye, investisman ak angajman pèmanan Bausch + Lomb pran anvè Konte Monroe yo pral ajoute sou kwasans ekonomik alontèm pou Finger Lakes, ak travay ki reflekte mendèv kalifye ak talantye rejyon an”.

Youn nan konpayi ki pi ansyen epi ki toujou ap fonksyone nan peyi Etazini, Bausch + Lomb te fonde nan Vil Rochester an 1853 epi li se yon òganizasyon sante vizyèl global ki ap mennen. Biznis prensipal li yo gen pami yo pwodwi san preskripsyon yo, sipliman alimantè yo, pwodwi swen vizyèl yo, pwodwi famasetik oftalmik, lantiy kontak yo, pwodwi swen lantiy yo, materyèl ak enstriman chirijik oftalmik yo. Bausch + Lomb ap devlope, fabrike epi komèsyalize youn nan pòtfèy pwodwi ki pi jeneral nan endistri a, ki disponib nan plis pase 100 peyi. Pou plis enfòmasyon ale sou sit entènèt:

www.bausch.com.

Manm Kongrè ki eli an Joseph D. Morelle te deklare, “Bausch + Lomb se youn nan atou ekonomik ki pi ikonik epi enpòtan nan kominote nou an. Angajman yo pran pou elaji epi kreye nouvo travay nan Rochester se yon prèv de opòtinite kwasans ekonomik ke rejyon nou an ofri. Atravè travay ansanm nou pral kontinye elaji opòtinite yo epi kreye yon avni ki pi briyan pou chak moun ki rele Konte Monroe lakay yo”.

Senatè Joe Robach te deklare, “Depi 1865, Bausch + Lomb te yon enstitisyon Rochester epi ak nouvel jodi a ki di ke yo pral elaji etablisman aktyèl yo an epi ogmante mendèv yo an ki te deja anplwaye 1,000 moun nan rejyon nou an, nou ka selebre angajman pèmanan Bausch + Lomb pran anvè vil lan kote li te fonde an. Prezans Bausch + Lomb nan Rochester ak Konte Monroe montre, apati mendèv talantye ak konpetan, ke rejyon nou an pral kontinye rete yon lidè nan fabrike pwodwi modèn ki ap travay pou amelyore lavi moun”.

Manm Asanble Harry Bronson te deklare, “Mwen aplodi Joseph C. Papa, ak ekip nan Bausch + Lomb lan poutèt angajman yo pran anvè rejyon nou an. Anons ke konpayi an ak Gouvènè Cuomo, Konte Monroe, Vil Rochester ak RG&E te fè jodi a montre ke zòn Rochester a gen yon mendèv ki djanm, divèsifye, ak kalifye, epi li nan yon pozisyon ekonomik pou kreye travay nan fiti. Sa se yon lòt pa nan kreyasyon bon jan travay pou

fanmi yo ki nan rejyon nou an epi mwen espere wè kwasans pèmanan Bausch + Lomb ak ajou travay sou kanpis Rochester yo an”.

Majistra Rochester a, Lovely Warren, te di, “Opòtinite travay yo se kle kreyasyon kwasans ak opòtinite pou abitan Rochester yo. Plis travay ap mennen a katye ki pi sekirize, pi dinamik epi finalman, pi bon opòtinite edikatif kidonk nou ekstrèmman rekonesan anvè Empire State Development, RG&E ansanm ak tout moun ki te kontribiye nan rann ekspansyon sa a posib epi espesyalman anvè Bausch + Lomb poutèt angajman yo pran pou investi epi devlope nan Vil Rochester”.

Egzekitif Konte Monroe a Cheryl Dinolfo te di, “Imagine Monroe fyè pou li ap investi nan ekspansyon Bausch + Lomb ki ap kreye travay pou asire ke konpayi Rochester ikonik sa a rete otan kòm yon pati nan avni djanm nou kòm pase istorik nou. Nan non yon kominote rekonesan, nou remèsye Bausch + Lomb poutèt angajman pèmanan yo pran pou fè biznis epi ogmante plis travay nan Konte Monroe jodi a ak nan jou ki gen pou vini yo”.

Prezidan Inivèsite Kominotè Monroe a (Monroe Community College), Anne Kress ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Rejyon Metwopolitèn Rochester a (Greater Rochester Chamber of Commerce), Bob Duffy, ki se de Koprezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la (Finger Lakes Regional Economic Development Council) te di, “Bausch + Lomb se yon pati ki enkwayableman enpòtan nan istwa rich Rochester a ak avni li. Angajman pèmanan konpayi ki reyisi sa a nan rejyon an di anpil bagay sou mendèv ki kalifye anpil nou genyen ki disponib isit la, epi li sipòte vizyon konsèy lan genyen pou deplase endistri optik, fotonik ak endistri imaj yo vanse nan rejyon Finger Lakes lan”.

Direktè Devlopman Ekonomik NYSEG ak RG&E a, Joseph M. Rizzo te deklare, “Modèl biznis RG&E an ap ankouraje patenarya kolaboratif ki djanm yo, ki ap favorize nouvo investisman inovatif yo ak kwasans travay, pou ka ranfòse pi plis kominote nou yo. Bausch + Lomb te yon kliyan ki la depi lontan epi ki presye pou RG&E nan Vil Rochester ak Konte Monroe pandan anpil ane. Desizyon ke Bausch Health te pran pou fè investisman modèn sa a epi pote nouvo pòs travay nan Rochester, sa ranfòse pi plis peryòd konpetitif nou an nan rejyon Finger Lakes ak rekonesans antan ke yon lidè mondyal nan optik, fotonik ak imajri yo. RG&E, an kolaborasyon ak patnè kominotè nou yo onivo lokal, rejyonal, ak eta a, ansanm ak otorite yo nan Bausch + Lomb, fyè pou li bay asistans sibvansyon devlopman ekonomik pou ede konpanse modènizasyon gaz elektrik ak natirèl yo pou sipòte pwojè eksitan sa a. Nou aplodi Bausch + Lomb ak Bausch Health epi swete yo siksè alontèm”.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te di, “Mendèv ki kalifye anpil lan, ekspètiz endistri a, ak ti depans pou rive fè biznis yo fè Rochester, New York vin bon kote pou Bausch + Lomb elaji operasyon li yo. Investisman majè sa a ap ranfòse pozisyon rejyon Greater Rochester, New York lan antan ke lidè mondyal nan optik ak imajri”.

Akselerasyon pwogram “Finger Lakes Forward”

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis

pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li envesti nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)